Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 41 (7285)
3 октябрь 2017 сон
Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ЧIахIиязул къогун!



ХIурматиял Унсоколо районалъул чIахIиял!

РакI-ракIалъ баркула нужеда чIахIиял гIадамазул Къо – гIакълуялъул ва лъикIлъиялъул праздник! Гьеб къо кколаро чIахIиязда жалго кIодолъун рукIин ракIалде щвезабиялъул къолъун, гьеб ккола нилъер умумазда, эбелазда баркалаялъул ва ракI-ракIалъул хинал рагIаби абизе щвараб рес. Жакъа нилъеца хIалимал рагIаби абула рагъул ва захIматалъул ветераназда, пенсионеразда, киналго гIемерсаназул ракI бацIцIадаб захIматалъул нух нахъа тарал чIахIиял гIадамазда.

Нужер кIигъуждузда тIад буго кIудияб гIумро. Нуж руго рухIиялги гIадатиялги къиматал жал цIунарал, щулаго лъималазе ва гьезул лъималазе ритIухъал кумекчагIи. Гьелъ унго-унголъунги адабги хIурматги гьабула нужер.

Жакъа изну кье ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе нужее гIумроялъулаб бахIарчилъиялъухъ, захIматалъе гIоло, гIагараб район цебетIезабиялъе гьабураб бицун бажаруларел ишазухъ. Гьарула ну жее щулияб сахлъи, рухIияб дандеккей, халатаб ва талихIаб гIумроялъул санал. Риччанте нуж сверун ккун рукIине гIагаразул рокьиялъ. Гьезул бергьенлъабазги боххизабеги нужер ракI!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**




### В 2018 году в Махачкале реконструируют проспект Имама Шамиля

В рамках программы «Безопасные и качественные дороги» долгожданный ремонт получит проспект Имама Шамиля. Представитель администрации Махачкалы подтвердил «Кавказ Сегодня», что ремонт проспекта запланирован в следующем году, однако это будет зависеть от своевременного финансирования федеральных программ.

Терроризм, экстремизм

## ХIажат буго хIасил кьолеб хIалтIи




Араб анкьалда Генуб росулъ букIана «Унсоколо район» МОялъул муниципалияб гIуцIиялъул антитеррористическияб комиссиялъул заседание. Гьенире ахIун рукIана учреждениял организациязул нухмалъулел, росдал мажгиталъул имам, Генуб росдал херазул совет.

Заседаниялъул балагьиялде росана:

«Унсоколо район» муниципалияб территориялда терроризмалъул идеологиялде данде чIеялъул мурадалда гьарулел хIалтIабазул рамкаялда жаниб Россиялъул Федерация бахун къватIиб террористлъиялъул организациязда, тIолгодунялалъул террористазул къокъаялда гьоркьорги рукIун, жидерго ихтияразде данде кколарел ишал гьарулел ругел НВФялъул членазул цебесеб гIагарлъиялъулгун гьабураб адреснияб профилактикияб хIалтIул хIасилазул».

«Террористиял ишазда рукIун ккараб гIайибалъухъ тамихIалде цIан рукIарал, жидерго чIолел бакIазде тIад руссаразул социалияб адаптациялъул гIадамазулгун гьабулеб хIалтIул».

«Село Гимры» МОялъул бетIер М. МухIамадовасул 20I7 соналда росулъ терроризмалъул ва экстремизмалъул идеология лъугIизабиялъул мурадалда гьарурал хIалтIабазул хIисаб кьей».

Заседание бачана «Унсоколо район» МОялъул анитеррористическияб комиссиялъул председателасул зам. МухIамадов ГIабдулсамад ГIабдулсаламовичас. ТIоцебесеб суалалдасан докладгун кIалъана районалъул администрациялъул бетIерасул замасул ишал тIуралев М. ХIамзатов. Гьес кIвар кьун бицана терроризм, экстремизм лъугIизабиялъе районалъул антитеррористическияб комиссиялъ гьабураб хIалтIул.

Лъабабилеб суалалдасан кIалъана Генуб росдал бетIер М. МухIамадов. Гьединго кIалъазе вахъана РДялъул БетIерасул кумекчи, МугIрул районазул терроризмалде данде чIеялъул комиссиялъул вакил С. Сайпов. Гьез жидерго кIалъаязда Генуб росдал жамагIаталда бицана Россия бахун къватIирехун ругел ва розыскалда ругел гIадамазул жеги ватIаналде тIад руссине ва гIайибалъе мукIурлъизе заман бугин. Гьединазе кумек гьабизе буго ракълилаб гIумроялде тIад руссине. Киналго гьабсагIаталда Сириялда ругел хIинкъичIого тIад руссине рес кьолеб бугин.

Ахиралда ГIабдулсамад МухIамадовас ва президиумалъ бихьизабуна Генуб росулъа терроризмалъул идеология кьучIдасанго лъугIизабиялъе цадахъ рекъараб ва хIасил кьолеб хIалтIи хIажат бугин.

## Коррупциялде данде чIарал дарсал

Араб анкьалда Унсоколо № I школалда 5 классазул нухмалъулей МухIамадова Самра ГIабдулхаликъовналъ «Правонарушения в мультфильмах»,-абураб темаялда классалъул сагIат тIобитIана. Гьениб гIуцIун букIана гьебго темаялда позновательниял видеороликазухъ балагьиги.

Классалъул сагIаталъул мурад букIана батIи-батIиял заманабазул ва халкъазул (нилъер ва къватIирехунисел улкабазул) мультфильмазул анализ гьаби, закон цIуни лъималазулъ щула гьаби. Лъималаз гьираялда гIахьаллъи гьабуна жавабчилъиялъул ва такъсиралъул темабазда хурхун кьурал суалазулъ, мекъал рахъазе кьуна кколеб къимат мисалалги рачун, жидерго вариантал рихьизаруна общественнияб гIадлу-низам, ихтияр цIуни хвезабулездехун.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 41 (7185)*
*3 октябрь 2017 сон*



Америкаялъул цIех-рехчагIаз 25-60 ва жеги тIадеги санал рарал гIадамалги гIахьал гьарун эксперимент гьабуна. Киназего тIадкъай кьуна дагIба-рагIиялъул ахIвал-хIалалдаса кин рорчIилел ва кин цебетIезе бугеб дагIба-рагIиялъул ахIвал-хIал?,-абун.
**Ахиралда:** чIахIияб гIелалда батана бищунго гIакъилал компромиссал.
**ХIасил**: кIвар бугеб хIукмо къотIизегIан, гIинтIаме ригь арал гIадамазул пикруялъухъ,-абураб пикруялде рачIана цIех-рехалъулал.



1 - октябрь ЧIахIиязул Къо

# Хисизе рес гьечIел гIакълучагIи

**(ГIумроялъулаб хIалбихьиялъ, гьелъул захIмалъабаз чIахIиял гIадамал гьарула хисизе рес гьечIел гIакълучагIилъун. Щайгурелъул херлъиялда цадахъ бачIунелъул гIакълуги.)**



Херал гIадамал. Гьеб рагIиялъго тIамула нилъ гьезие бетIер къулизе, хIурмат гьабизе, гьел тIалаб-агъазалъ сверун ккун рукIин гьезда бихьизабизе. ГIадамазул даражаялда нафс куцарав чияс херал гIадамазул адаб-хатир цIуничIого толаро. Социалияб рахъалъ гIадамазе хъулухъ гьабиялъул Централъул аслияб масъала ккола херал, балагьизе чи гьечIезул тIалаб-агъаз гьаби. Гьеб хIалтIи нижер цIобалде ккарал разилъуледухъ гIуцIизе хIаракат бахъи буго нижер хIалтIухъабазул тIадаб налъи. Хараби кIодо гьари ккола районалъул ва тIолабго улкаялъул экономика ва рухIияб рахъ цебетIеялъулъ, гIун вачIунев инсан куцаялъулъ, цIикIкIараб гIелалъул гIадамаз лъураб кIудияб бутIаялъухъ жамагIаталъго гьезул хIурмат гьабилъун ва гьезул бахIарчиял ишазе баркала кьейлъун. ЦIикIкIараб гIелалда цере нилъ руго бецIун лъугIуларел налъулаллъун. Гьел даимго мустахIикъал руго нилъер рахъалдасан тIалаб-агъазалъе. Нилъер районалда хараби кIодо гьариялде руссарал тадбиразде цебеккунго хIадурлъаби гьарула, гьезул яшав гьабиялъул, сахлъиялъул бугеб гIаммаб хIал лъазабула, щивасе бакIазда материалиябгун медицинаялъул кумек гIуцIула. Хасго нижер Централъ кумек ва тIалаб-агъаз гьабула нусго ва жеги цIикIкIун санал рарал херазул. Гьезул къадар дагьлъун буго, цо дагьал чагIи хутIун руго.

КIудияб захIмат-гIакъуба бихьун гIуцIана нильер харабаз гIаммаб магIишат. Гьез бихьулеб захIматалде рачIинчIого гьабуна колхозалъул, тылалъул хIалтIи. Жакъа гьезда цIар кинаб лъун батаниги, гьелъул къучI умумазул жакъасел харабазул хIалтIудаги, бихьараб захIматалдаги бухьараб буго. Гьеб кIоченчIого, жидерго захIматалъул багьадурзабазул тIалаб-агъаз гьабизе, гьезие хIажатаб кумек гьабизе кIочене бегьуларо нилъедаги. Гьелъул аслияб мурадги буго херал разилъиледухъ гьезие хъулухъ гьаби.

ГIадатлъун лъугьухъе тIоцебесеб октябралда тIолабго Россиялдаго гIадин нилъер районалдаги социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул Управлениялъ ва хIажатазе социалияб хъулухъ гьабиялъул Централъ кIодо гьабула халкъазда гьоркьосеб Херазул Къо. Районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул ва Централъул хIалтIухъабаз кIудияб рохелгун ва чIухIигун баркула тIолабго районалъул чIахIиял гIадамазда халкъазда гьоркьосеб ЧIахIиязул Къо. Гьарула чорхое сахлъи, халатаб гIумро, диналъе къуват, къвакIараб сабру. Рохун хутIаги нуж, чIахIияб гIелалъул гIадамал, нужерго наслабаздаса!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВА.**

# Оргкомитеталъул гIатIидаб данделъи



Имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялде буссараб тIолгореспубликаялъул мажлисалде хIадурлъиялъе бугеб оргкомитеталъул данделъи тIобитIана гьал къоязда райадминистрациялда. Гьеб унеб букIана бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, кумекчагIи, райадминистрациялъул отделазул нухмалъулел, рай-собраниялъул пред. К. Асадулаев, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, районалъул имам Гь. Абакаров, Россиялъул МВДялъул Унсоколо бугеб отделалъул УУПялъул нач. М. ГIабдурахIманов, «АхIулгохI» ДРООялъул директор Гь. ГIабдулаев ва гь. ц.

Данделъи рагьулаго С. АрулмухIамадовас бихьизабуна тадбир бугин республикаялъулаб масштабалъул, гIезегIан гIадамал рачIине бегьулин, гьединлъидал кинаб рахъалъ бугониги гьезие хIинкъи гьечIолъи букIинабиялде кIвар кьезе кколин. Гьес абуна: «Тадбир буго республикаялъул кIваралъул. Гьеб гьабулеб буго нилъер цIар рагIарав личность имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул хIурматалда. Щивниги гьеб къоялъ нахъегIан чIун вукIине бегьуларо, щивас хIаракатаб гIахьаллъи гьабизе ккола. БукIинабизе ккола хIинкъи гьечIолъи, мустахIикъаб куцалда къабул гьаризе ккола гьалбал ва магIнаялда тIобитIизе ккола тадбир»,-абун.

Данделъиялда рукIана тадбир кин тIобитIилеб, гьалбал къабул гьариялда хурхарал к1алъаял, гьедино гьеб ишалъе рихьизаруна жавабиял.

Тадбиралъул программаялде уна республикаялъулго рухIиял вакилзабазул кIалъаял, «АхIулгохI» мемормалияб комплекслалде щвей, хирияб гьелъул сверухълъиялде зиярат гьаби.

Тадбир гIуцIараллъун цере рахъунел руго РДялъул намусалъул эркенлъиялъул, диниял организациязулгун хIалтIи гьабиялъул Комитет ва «АхIулгохI» ДРОО.

ГIолеб гIелалъе тарбия кьолезул хIакъалъулъ

# СаихIатил гIумроялъул нух



Гьале 30 соналъ Майданское росулъ бугеб № 5 ясли-ахикь тарбия кьолей чIужулъун хIалтIулей йиго СаихIат ХIажиева. Цебегосел 80 абилел соназдa жиндирго гIумроялъул нух тIаса бищизе заман щвараб мехалъ гIемерал махщелазда гьоркьоса СаихIатица тIаса бищана цо махщел – ясли-ахалъул тарбиячIужульи. Гьелъие гьеб цо махщел гуро, гьеб буго рекIел ахIи ва хIал. СаихIат йиго жигараб гIумроялъул позиция бугей, жиндирго хIалтIуе тIолабго ракI кьолей гIадан.

Жийго СаихIатил рагIабазда рекьон ясли-ахикь хIалтIи бигьаябги гIадатиябги гьечIо. Тарбия кьолев чи кидаго хIалтIул цIилъабазда хадув лъугьун вукIине ккола, гьелъие хIажалъула творчестваалъулаб балагьи, цIиял рагьиял. ЛъималазеXIажатайлъунги пайдаяйлъунги йикIине гIоло кидаго жиндаго тIад хIалтIизе ккола, махщел камил гьабизе ккола. Гьелъ СаихIат кигIан дагьайниги х1инкъизаюларо. Кутакалда бокьула гьелъие жиндирго хIалтIи. Гьелъ СаихIатие унго-унголъун рохел кьола. Гьедин букIуна унго-унголъунги жиндирго хIалтIи бокьулеб бугони.

Амма СаихIатил гIамал-хасияталъул аслияб рахълъун ккола – гьелда кIола лъимал рокьизе, киналго цадахъ, гьел батIи-батIиял ругониги, щивасул жинди-жиндир хасаб гIамал-хасият бугониги. Киналъухъго гьей ялагьула битIун, щибаб гIамал-хасияталъухъ личность бахчун букIинги хIисабалде босун, гьеб цебетIезабиялде кIварги кьолаго. Киналго тарбиячагIазе хIажалъула сабру, гьелъ тIалабалъул кверзукье рачун рукIуна киналго лъимал, хIеренго хIалимго йикIуна гьелгун, гьелъ рагьарал ракIалгун анищал-рохелгун лъикIлъиялъул ралъад гIадин уна гьабулеб хIалтIи. Жиндирго аслияб мурадлъун СаихIатица рикIкIуна щибаб тарбия кьеялъул къо ясли-ахикь талихIаб ва камилаблъун букIинаби.

СаихIатидехун рокьигун разилъигун ралагьула лъималги, гьел цоцада ричIчIула рагIи абичIого. Щибаб радал рохелгун рекерула гьел гьелъухье, гьираялда гIенеккула, къасе гьейгун ратIалъизе бокьуларого рукIуна, нахъ руссун рачIуна йокьулей тарбиячIужуялдаса ратIалъизе бокьич1ого. Гьединаб ахIвал-хIал бихьидал цо рахъалда чIоларо, ясли-ахил гIумроялъулъ жигараб бутIа лъезе хIадурго рукIуна эбел-эменги. ХIисаб гьабе, дур лъимер ясли-ахикье щвезабизегIан гIечIого гьенибе бекерулеб бугеб мехалъ букIунеб асаралъул. ГIемерал саназ гьеб хIалтIуда хIалтIаниги СаихIатил ракI батIалъулеб гьечIо гьеб хIалтIудаса. Къойидаса къойиде бокьулеб буго гьелъие жиндирго хIалтIи. Ва щибаб къоялъ хIалхьи гьечIого цебе бачунеб буго бокьулеб хIалтIи. Гьеб рак1-рак1алъ т1аса бищараб махщел бугелъулха.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 41 (7185)
3 октябрь 2017 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере




# Врач с большой буквы

(К Международному дню врача)



Салман Салманов- Врач-нефролог, уролог, трансплантолог, гомеопат, специалист по искусственным органам, кандидат медицинских наук, врач – медицинская энциклопедия как его называют «товарищи по цеху» и просто уникальная личность. Можно бесконечно описывать его умения и способности. Невероятно, но факт, что в одном человеке собралось столько качеств, и каждое из качеств является уникальной.

В данное время Салман работает в центре амбулаторного диализа в п.Шамилькала Унцукульского района. Сотрудники этого центра считает подарком судьбы и большой удачей, что такое «светило» медицины работает с ними.

Центр амбулаторного диализа является единственным в горном округе нашей республики. Сюда на процедуры приезжают не только с соседних сел района, но и с других районов Дагестана. Подобные центры находятся только в крупных городах нашей республики, среди них такие города как Махачкала, Хасавюрт, Дербент и т .д.

Сюда приезжают на процедуры больные с острой почечной недостаточностью. Каждый из пациентов едет не просто в центр, а именно к Салману Абдулгамидовичу. Главная цель их приезда попасть к такому специалисту как он. Проблема почек остро стоит сейчас в Дагестане. Понимая эту проблему, как истинный представитель этой профессии, он осознанно сделал выбор остаться здесь у себя на родине и заняться лечением своих земляков; хотя иметь такого специалиста как он считает за честь и за радость любая больница или центр не только в Республике Дагестан, но и в России. Его возвращения например, с большой неугасающей надеждой ждут в Москве в институте урологии, как в прочем и везде где бы он не проработал ранее.

Но Салман Абдулгамидович решил для себя, что его место здесь в Унцукульском районе, что именно здесь он может принести большую пользу для людей, внести так сказать вклад в их здоровье.

«Врач с большой буквы»,- как говорят его коллеги. Человек, который всегда не смотря на свою занятость готов прийти на помощь.

Человек с богатой биографией, огромной практикой и огромным багажом знаний в области медицины. В его жизни было и учеба в Махачкале и в Хабаровском крае, Тамбове, Орловской области, и работа в научно-исследовательском Институте урологии имени Н. А Лопаткина в Москве, где он проработал 23 года, в научно- исследовательском Институте Трансплантологии и искусственных органов в г. Москва, Махачкалинском диагностическом центре, медицинском институте г. Махачкала, Махачкалинской детской республиканской клинической больнице и т.д .

Его биография – доказательство того, что профессионализм верность своей мечте, умения не останавливаться перед преградами помогают достижению своей цели.

Трудно даже поверить, что когда то такого ценного для медицины и для самих больных специалиста не хотели принимать на медицинский.

Родился Салман Салманов в с. Ирганай Унцукульского района. В далеком 1977 году окончив учебу в школе, решил поступить на медицинский, но неудачно. Но это не сломило его. Он каждый раз готовился и поступал. После каждой неудачной попытки, его родители и родные уговаривали оставить идею с поступлением на медицинский, и выбрать другую профессию. Но он упорно шел к своей цели. И все таки его упорность и целеустремленность дали свои результаты, с четвертой попытки ему удалось поступить.

С самого начала своей учебы он стремился получить максимум знаний в области медицины. Его главной целью было не просто стать врачом и обрести профессию, а действительно лечить людей . Где бы ни учился и ни работал Салман Салманов, он всегда стремился к тому, чтобы максимально узнать все о лечении и профилактики тех или иных заболеваний.

Каждый из его пациентов с особой благодарностью и с самими искренними пожеланиями отзываются о нем. Стоит упомянуть его имя, и от каждого из его пациентов нахлынет поток из самых добрых слов и пожеланий в его адрес. Каждый попавший к нему на прием считает, что ему чрезмерно повезло и он в самых надежных руках.

Несмотря на свою грамотность, уникальность и востребованность Салман Салманов крайне скромный человек. Кроме того, пользуется большим почетом и уважением среди коллег. Они часто обращаются к нему за советом и он всегда готов прийти к ним на помощь.

Как говорят в народе: «врачами не становятся а рождаются». От всех пациентов и коллег Салмана Салманова, хочется поблагодарить его за то, что много лет назад он не отчаялся при первомнеудачном поступлении в мед., и не лишил нас всех такого уникального врача как он.

**Мадина СУЛТАНОВА**

# Электронная ветеринарная сертификация

Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан в очередной раз обращает внимание дагестанских производителей подконтрольных ветеринарному надзору товаров и всех участников оборота продукции о предстоящем переходе на электронную ветеринарную сертификацию.

В настоящее время на территории Российской Федерации действует и бумажная ветеринарная сертификация, которая представляет собой документ, подтверждающий безопасность и пригодность продукции для употребления. Так, с 1 января 2018 года оформление ветеринарных сопроводительных документов (ВСД) будет производиться только в электронной форме и на безвозмездной основе, для этого необходимо иметь доступ в личный кабинет в федеральной государственной информационной системе «Меркурий» (система ЭВС), разработанной Россельхознадзором и утвержденной Законом «О ветеринарии». При этом регистрацию и доступ можно получить в Управлении Россельхознадзора по Республике Дагестан, обратившись с заявлением установленной формы, шаблон заявления можно найти на официальном сайте Россельхознадзора в справочной информации по Меркурию, или направить на адрес электронной почты yuzu1@yandex.ru.

Электронная ветеринарная сертификация в будущем позволит уменьшить бюрократизм и упростить получение документов.

Доступ позволяет не только подавать заявку на оформление ВСД, а также просматривать ВСД и отслеживать перемещение продукции. Для проверки подлинности документов достаточно иметь номер сертификата, по которому можно проверить эпизоотическое благополучие места выхода продукции и место ее назначения.

Система проверки основана на обмене сведениями в режиме реального времени между многочисленными реестрами и базами данных, как органов власти, так и самих компаний. В ее основе лежат разработанные Россельхознадзором автоматизированные информационные системы в сфере ветеринарии: «Аргус» - выдача разрешений на ввоз поднадзорных грузов, «Веста» - результаты лабораторных исследований, «Меркурий» - ветеринарная сертификация, «Цербер» - регистрация хозяйствующих субъектов.

Следует отметить, что оформление ВСД могут проводить не только специалисты государственной ветеринарной службы, а также аттестованные специалисты предприятий производителей, не входящие в систему государственной ветеринарной службы.

Хотелось бы отметить так же, что преимуществами ФГИС «Меркурий» являются:

- сокращение времени на оформление ветеринарной сопроводительной документации за счёт автоматизации данного процесса;
- автоматический учёт поступившего и убывшего объёма продукции на предприятии (холодильнике, складе, МПП и т. д.).
- ввод и хранение информации об отобранных пробах для исследования ввозимой продукции;
- возможность отслеживания перемещения партии груза по территории Российской Федерации с учётом её дробления.
- снижение трудовых, материальных и финансовых затрат на оформление ВСД за счёт замены защищённых бумажных бланков ВСД электронными версиями;
- минимизация человеческих ошибок, благодаря наличию готовых форм для ввода информации, а также проверки вводимых пользователем данных;
- создание единой централизованной базы данных для быстрого доступа к актуальной информации, для формирования отчетов, поиска и анализа информации.

С информацией о работе системы ЭВС можно ознакомиться на сайте системы (http://vetrf.ru) в разделе «справка «Меркурий».

По вопросам получения бесплатных консультативных услуг по работе в системе ЭВС (ФГИС «Меркурий») просим обращаться в отдел госветнадзора Управления Россельхознадзора по Республике Дагестан по телефонам: **(88722) 675820, по электронной почте yuzu1@yandex.ru, и по адресу: г. Махачкала, ул.В.Эмирова, 8 (Госветнадзор).**

# ГьаракIунире - хIалтIулаб сапаргун



Сентябралъул ахирисел къоязда ГьаракIуни росулъе щвана районалъул бетIерасул тIоцевесев зам. С. АрулмухIамадов. Гьевгун цадахъ сапаралда вукIана цогояб информационнияб хъулухъалъул нач. М. ХIайбулаевги.

Сапаралъул аслияб мурад букIана лъай кьеялъул учреждениязде, росдал администрациялде щвей, школалда лъай кьеялъул ва хасалиде гьабун бугеб хIадурлъиялъул хал гьаби.

Школалъул директор ГI. МухIамадовалъул рагIабазда рекъон школа хасалиде хIадурлъиялъуль захIмалъаби руго печалъул хIал лъикI гьечIолъиялъ. Гьединго дандчIваялда бицана тIахьаздалъун ва хIажатал оборудованияздалъун хьезариялда хурхун.

Ясли-ахикье щведал ралагьана гьелъул мина-ялъул бугеб хIалалъухъ. БетIерасул замасда ясли-ахалъул зав. Ш. ГIабдулаевалъ бицана учреждениялъул кухоннияб печалъул захIмалъаби рукIиналъул, гьелъ хьул гьабулеб бугоан басралъараб гьеб хисизе рес кьелин.

С. АрулмухIамадовас щивав гара-чIвари гьабурасул суалал хьаравуллъиялде гьоркье росилин бихьизабуна. «Нужер захIмалъаби нижее чиярал гьечIо, нижги рахIат хун руго гьел захIмалъабаз. Хасго лъималазда хьатIарал суалал гIадахъ росизе ккола. Кьокъал болжалазда гьел лъугIизаризе хIаракат бахъила»,-ян бихьизабуна гьес.

Хвел ва гIумро

# Херлъиялъул хIакъалъулъ

**Херлъи гIумро иналъул проблема гуро, организмалъе гIумро гьабе,-ян приказ кьуни, кин гьеб хвелеб? Амма кин гьеб хисизабилеб?**

РичIчIизе захIматал назмаби

Австралиялда I920 соналда гIумро гьабун рукIарал къавмалъул херлъун чIаго вугев чиясе гьев хвезелъун ахIулеб кечI букIана. Щибниги гIакъуба-къварилъи гьабичIого рагIи-каламалдалъун чIвалаан гьел цоцаца… Къавмалъул шаманас яги бетIерас гьесие приказ кьолаан хвезе, гьев хвезеги холаан. Щайгурелъул чиясуль лъугьунелъул биологическияб живго жинцаго чIвай. ТIолабго общинаялъ гьеб назму чанго кьоялъ цадахъ ахIараб мехалъ хвезе кколев хвезеги холаан.

Этнографазда хьван бажарана гьеб назму. Щех-рехалъе чанго нухалъ цоясе гьеби биччан хадуб хал ккураб мехалъ гьев ахIарав почкабазул приступги бачIун жиндирго умумал гIадин хвезе дагьалъ хутIана…

* * *

Херлъи нахъ бахъизе бажарула

ГIалимчи В. Н. Суслачевас чIезабуна херлъи санал раялъул иш гуреб организмалъе гIумро гьабе ялъуни хва,-ян приказ кьуни, хиса-баси лъугьунеб программа букIин. Гьелда тIад хIалтIулел руго Россиялъул академикалги.

Халатаб гIумроялъул хIакъалъулъ

Нилъер пикруялда рекъон херлъи цо кьадаралъул хвел кколеб буго. Назмаби гьенир хIажатал жал гуро, организмалъ цоцалъ рекъон жибго-жинцаго дагь-дагькkун гIумро гьабиялъул функциял загIиплъизе тIамулеб буго. ХIисабалде босизин «цоцалъ рекъон» абураб сочинение. Гьеб организмалда гьоркьоб батIи-батIияб разнобой букIарабани, кинаб бугониги херлъи букIинароан, тIаде щвелан хехаб хвел. Амма херлъигун цадахъ гьеб процесс гIуцIун буго жибго организма ялъ. Херлъи сах гьабилин лъугьин буго шарлотанство. Гьеб унти гуро, лъугьинчIого рес гьечIеб иш буго...




Цоги рахьалъ херлъи запраграмировать гьабун бугони, программа хвезабизе бегьуларо. Гьедин ккани гIадамаз гIумро гьабизе буго I00, 200, 300 сональъ. Хвезе руго херлъиялъул унтабазул гIаламатал раккараб мехалъ, ракалдалъул, инсульт-инфарктaлдалъун гуреб. Антибиотиказухъ балагьичIого херал хола гьуэрул унтунцин, щайгурелъул гьезул иммуннияб система загIиплъун букIунелъул. Иммуннияб система загIиплъизе лъугьуна I2-I5 сон баледде, чıорбал 20 соналде. ТIубанго организм херлъизе байбихьула 30-40 сон баледде. Гьеле гьелъул хIисаб гьабизе ккола нилъеца.

Спорт

# «Шамилиада» лъикI ана



1 октябралда рагIалде бахъана имам Шамиль гьавун 220 сон тIубаялъул хIурматалда Шамилькъалаялъул школалда букIараб кIиго къойил «Шамилиада». Гьеб гIуцIараллъун цере рахъана «Унсоколо район» МО ва росабазул администрациял.

Къецал тIоритIана районалда националиял спорталъул видал церетIезариялъе ва машгъур гьариялъе, цоцалъ гьудуллъи щулалъиялъе, гIолилазда гьоркьоб физкультурагун спорт цебетIезабиялъе, спорталъул гIадатал щулалъиялъе. Первенствалъул аслиял масъалаби рукIана физическиябгун гIамал-хасияталъул ва рухIияб культура районалъул гIадамазулъ щулалъи, гIумро гьабиялъул сахаб образ тIибитIизаби.

Къецазда гIахьаллъана анкьго росдал командаби. Щибаб командаялъул гIахьаллъулезул къадар бахине бегьулаан 20 чиясде. Церерахъиназе къимат кьолаан гIаммал баллазул системаялда. ХIалуцарал къецазда хIурматияб гIаммаб командаялъулаб тIоцебесеб бакI ккуна Балахьуни росдал командаялъ, кIиабилеб ва лъабабилел бакIал жидедаго гьоркьор рикьана Шамилькъала поселокалъул ва ЦIатIанихъ росдал командабаз.

Командаби – призерал ва спортсменал – бергьенлъи босарал программаялъул щибаб видалда ХIурмата лъул грамотаби ва призал кьун кIодо гьаруна.

Бергьаразе шапакъатал кьеялда гIахьаллъана бетIерасул тIоцевесев зам. С. АрулмухIамадов ва «АхIулгохI» ДРООялъул директор Гь. ГIабдулаев. Гьез бергьаразе кьуна дипломал ва къиматал сайгъатал. ЖиндирговаркиялъулкIалъаялдаС.АрулмухIамадовас бихьизабуна: «Жакъа нилъеца, гIахьалчагIаз ва гьалбадерица цойги нухалъ бихьизабуна цо жидерго къуват гуребги вацлъи ва бихьинчилъи. Щивав гIахьалчияс бихьизабуна къуватги бажариги гуребги инсанасулал лъикIал качестваби. Щивав къеркьана нилъер намус бацIцIадал, тIадегIанаб яхIалъул умумал гIадин. Нуж гIадиназул хIаракатаб къеркьеялъ киданиги хIочене гьечIо спорталъул миллияб видал. Божи гьабизе бокьун буго нуж киналго кидаго мисалияллъун хутIилилан»,-бихьизабуна гьес.

# Блогеразул данделъи

Блогеразул иргадулаб совещание тIобитIана 3 октябралда гьелъул хъулухъалъ райадминистрациялда. Аслияб суаллъун гьениб букIана районалда информационнияб хIалтIи рукIалиде ккезаби. Данделъи рагьулаго районалда блогеразул хIалтIи лъикI гIуцIун бугин гьеб хадубккунги камиллъизаби бугин мурад,-ян бихьизабуна М-Н. ХIайбулаевас. «Районалъул гьумер нилъехъ буго гьединлъидал хIажат буго хехаб, щвалде щвараб хIалтIи букIинабизе, сайтал хIалтIизаризе ва гьел курировать гьаризе»,-ян абуна гьес.

РукIана суалал ритIун сайтал рачиналъул, гьел цIезариялъул, блогеразулгун хIалтIи гьабиялъул.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br>**Главный редактор**<br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br>**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора**<br>**89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 19. 2. 17г. 15. 20<br>фактически -16. 30 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |